

BAB III

MÉTODELOGI PANALUNGTIKAN

3.1 Lokasi, Sumber Data, jeung Data Panalungtikan

3.1.1 Lokasi

Ieu panalungtikan dilaksanakeun di Désa Cengal anu pernahna aya di Kacamatan Japara, Kabupaten Kuningan. Jarak ti Désa Cengal ka kabupatén kurang leuwih 17,5 kilometer.

Sacara administrasi Désa Cengal beulah kulon diwatesan ku Désa Wano (Kacamatan Japara), beulah wétan diwatesan ku Désa Jambugeulis (Kacamatan Ciganda Mekar), beulah kidul diwatesan ku Désa Pamulihan (Kacamatan Cipicung), jeung beulah kalér diwatesan ku Désa Cikeléng (Kacamatan Japara).

Désa Cengal miboga 7 dusun (I-VII), 7 RW, jeung 32 RT. Dumasar data ti désa, jumlah penduduk nu kacatet taun 2013 aya 4984 jiwa, anapon wincikanana nya éta: awéwé 2549 jiwa jeung lalaki 2435 jiwa.

Pakasaban masarakat Désa Cengal réréana kana tani jeung dagang. Tapi salian ti éta aya ogé nu digawé jadi guru, montir, kuli bangunan, tukang ojég, supir, jeung réa-réa deui.

3.1.2 Sumber Data

Sumber data nya éta subjék ti mana data dibeunangkeun (Arikunto, 2010: 172). Sumber data mangrupa asal data panalungtikan ti lapangan. Sumber data bisa diklasifikasi jadi tilu, nya éta jalma nu bisa méré data nu mangrupa jawaban lisan atawa tinulis, tempat nu némbongkeun kaayaan cicing atawa gerak, sarta tulisan nu ngagambarkeun tanda-tanda nu mangrupa huruf, angka, atawa gambar.

Sumber data dina ieu panalungtikan nya éta jalma salaku narasumber atawa informan nalika wawancara, sarta tulisan nu mangrupa dokuméntasi pribadi narasumber.

3.1.3 Data

Nurutkeun Siswantoro (2010: 70), data nya éta sumber informasi nu rék diseléksi minangka bahan analisis. Data dina ieu panalungtikan nya éta sakabéh puisi mantra nu geus dikumpulkeun ku panalungtik, nu aya di Désa Cengal, Kacamatan Japara, Kabupatén Kuningan. Sedengkeun data nu rék dianalisis mangrupa puisi mantra anu strukturna (eusi, basa, purwakanti, wangun jeung wirahma, citraan) bisa dianalisis sarta bisa dijadikeun bahan pangajaran aprésiasi puisi di SMA.

Tabél 3.2

Data Puisi Mantra di Désa Cengal, Kacamatan Japara, Kabupatén Kuningan

No	Kode Mantra	Judul Mantra	Keterangan
1	01.01.001	Jangjawokan paranti Mandi	
2	01.02.002	Jangjawokan paranti Nuus	
3	01.03.003	Jangjawokan paranti Disamping	
4	01.04.004	Jangjawokan paranti Diminyak	dianalisis
5	01.05.005	Jangjawokan paranti Disisir	dianalisis
6	01.06.006	Ajian Kajayaan	
7	02.01.007	Jangjawokan paranti Disisir	
8	02.02.008	Asihan Jeuleu Deungdeung	dianalisis
9	02.03.009	Asihan I	dianalisis
10	02.04.010	Asihan II	
11	02.05.011	Jangjawokan paranti Diminyak	
12	02.06.012	Jangjawokan paranti Disamping	
13	02.07.013	Asihan Si Ungkut-ungkut	
14	02.08.014	Asihan Colék Asem	dianalisis
15	03.01.015	Ajian keur Kangoraan	
16	03.02.016	Asihan III	
17	03.03.017	Jampé Nyeri Beuteung	
18	03.04.018	Jangjawokan Ngilikan Paré Beukah	
19	03.05.019	Jampé Baraja	dianalisis
20	03.06.020	Jampé Kabeureuyan	
21	03.07.021	Jampé Kanceuh	dianalisis
22	03.08.022	Jampé Mondah	
23	03.09.023	Jampé Bisul	
24	03.10.024	Jampé Kabadi	dianalisis
25	03.11.025	Asihan Nitik Ngalahir	
26	03.12.026	Asihan Si Bawang Beureum I	dianalisis
27	04.01.027	Jampé Raheut	dianalisis
28	04.02.028	Jangjawokan keur Mandi	

29	04.03.029	Jampé Budak Kabadi	
30	05.01.030	Jangjawokan paranti Mandi	
31	05.02.031	Jangjawokan paranti Nuus	dianalisis
32	05.03.032	Jangjawokan paranti Nyisir	
33	05.04.033	Jangjawokan paranti Diminyak	
34	05.05.034	Jangjawokan paranti Nyeupah	
35	05.06.035	Jangjawokan paranti Disamping	
36	05.07.036	Asihan Si Bawang Beureum II	
37	06.01.037	Jampé Bunghak	
38	06.02.038	Jampé Kabadi	
39	06.03.039	Asihan Panjenjrag Jagat	
40	06.04.040	Jangjawokan paranti Seuri	
41	06.05.041	Jampé Sirep	
42	06.06.042	Ajian Pangabaran	dianalisis
43	06.07.043	Jampé Nyeri Beuteung	dianalisis
44	06.08.044	Jampé Gering Panas	
45	06.09.045	Panyinglar Hama Beureum	dianalisis
46	06.10.046	Panyinglar Hama Beurit	
47	06.11.047	Jampé Nyecepan	
48	07.01.048	Rajah Pamunah	dianalisis
49	07.02.049	Singlar ka Tampian	
50	07.03.050	Ajian Pangabaran	dianalisis
51	08.01.051	Asihan Si Buka Raja	
52	08.02.052	Jangjawokan paranti Nyanyabaan	dianalisis
53	08.03.053	Jampé Numbalan nu rek Ngajuru	
54	08.04.054	Jampé Diseureud Kala	
55	08.05.055	Jampé Kabadi	
56	08.06.056	Jampé Anu Keulat Hantu	
57	08.07.057	Jampé Nyeri Beuteung	
58	08.08.058	Asihan Pamanah Rasa	
59	09.01.059	Asihan Guguyuning Semar	
60	10.01.060	Jampé Pamulang Penyakit	
61	10.02.061	Pangasih Bandung Rina	
62	10.03.062	Jangjawokan paranti Dagang	
63	10.04.063	Jangjawokan Angkat-angkatan	
64	10.05.064	Jangjawokan Mandi Peuting	
65	11.01.065	Jangjawokan Masamoan	dianalisis
66	11.02.066	Jangjawokan Diminyak	
67	11.03.067	Jangjawokan paranti Disamping	dianalisis
68	11.04.068	Jangjawokan Digelung	dianalisis
69	11.05.069	Jangjawokan Mandi	dianalisis
70	11.06.070	Jangjawokan Nyisir	
71	11.07.071	Jangjawokan Dipupur	dianalisis

72	12.01.072	Singlar Indung Bumi Bapa Langit	dianalisis
73	12.02.073	Jampe Budak Mondah	
74	12.03.074	Panyinglar Hama di Sawah	
75	12.04.075	Jampé Pamulang	
76	13.01.076	Asihan Guyuning Semar	
77	13.02.077	Jangjawokan Nété ka Imah	
78	13.03.078	Asihan Si Bodas	
79	13.04.079	Asihan Si Hideung	
80	13.05.080	Asihan IV	
81	13.06.081	Asihan Panenrag Bumi	dianalisis
82	13.07.082	Jangjawokan Mandi	
83	14.01.083	Asihan Panenrag Jagat	
84	14.02.084	Asihan Colék Asem	
85	14.03.085	Jangjawokan Ngadeuleu	dianalisis
86	15.01.086	Jangjawokan Nepungan	dianalisis
87	15.02.087	Asihan Si Nining Kembang	dianalisis
88	15.03.088	Jangjawokan Nyiuk Béas	
89	15.04.089	Jangjawokan Nyangu	
90	15.05.090	Jangjawokan Tandur	
91	15.06.091	Panyinglar Hama Wereng	
92	15.07.092	Panyinglar Hama Beureum	
93	16.01.093	Jangjawokan Paranti Nyisiran	
94	16.02.094	Jangjawokan Paranti Disamping	
95	16.03.095	Asihan Si Leugeut Teuweul	dianalisis
96	16.04.096	Jampé Pamulangan	dianalisis
97	16.05.097	Jampé Kanceuh	
98	16.06.098	Jampé Bisul	dianalisis
99	16.07.099	Singlar Caraca	

Keterangan tina Tabél 3.2

Angka 01.01.001 = (1) 01, (2) 02, (3) 001

(1) 01 = Nomer Narasumber

(2) 01 = Nomer Mantra Narasumber


(3) 001 = Nomer Jumlah Mantra

3.2 Désain Panalungtikan

Désain panalungtikan ngawengku léngkah-léngkah ngalaksanakeun panalungtikan sacara gurat bagad.

Bagan 3.1

Désain Panalungtikan



(nurutkeun Arikunto, 2010: 68)

3.3 Méthode Panalungtikan

Méthode panalungtikan nya éta cara anu digunakeun ku panalungtik dina ngumpulkeun data panalungtikanana (Arikunto, 2010: 203). Sedengkeun nurutkeun Siswantoro (2010: 56), méthode mangrupa cara anu digunakeun ku saurang panalungtik dina usaha pikeun ngungkulan masalah anu keur ditalungtik. Jadi, méthode panalungtikan nya éta cara anu digunakeun ku panalungtik dina ngumpulkeun data panalungtikan pikeun ngungkulan masalah anu keur ditalungtik.

Méthode anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta déskriptif analitik. Nurutkeun Margono (2009: 39), dina panalungtikan déskriptif analitik data nu dibeunangkeun (mangrupa kecap-kecap, gambar, paripolah) lain mangrupa wilangan atawa angka statistik, tapi tetep dina wangun kualitatif nu miboga harti leuwih euyeub ti batan angka atawa fréknési. Nawawi dina Siswantoro (2010: 56) nétélakeun yén méthode déskriptif nya éta:

‘Metode deskripif dapat diartikan sebagai prosedur pemecahan masalah yang diselidiki dengan menggambarkan atau melukiskan keadaan subjek atau objek penelitian (novel, drama, cerita pendek, drama, puisi) pada saat sekarang berdasarkan fakta-fakta yang tampak atau sebagaimana adanya.’

Ku méthode déskriptif, panalungtik sastra diperedih ngungkabkeun fakta-fakta anu geus aya atawa data ku cara méré déskripsi. Éta fakta jeung data mangrupa sumber informasi nu jadi basis analisis.

Tujuan panalungtikan déskriptif nya éta pikeun ngadéskripsikeun atawa nyieun gambaran sistematis, faktual, sarta akurat ngeunaan fakta-fakta jeung sifat-sifat tina data anu rék ditalungtik (Suyatna, 2002: 14).

3.4 Téhnik Panalungtikan

Téhnik panalungtikan mangrupa salasihiji usaha kumaha cara (prosedur) anu kudu dipigawé ku ngagunakeun méthode nu tangtu, sangkan tujuan sasaran nu dipikahayang dina hiji panalungtikan bisa kahontal (Suyatna, 2002: 18). Dina ieu panalungtikan ngawengku dua téhnik nya éta téhnik ngumpulkeun data jeung téhnik ngolah data.

3.4.1 Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik anu digunakeun dina ngumpulkeun data panalungtikan nya éta téhnik wawancara, talaah pustaka, jeung dokuméntasi.

1) Wawancara

Wawancara nurutkeun Basrowi jeung Suwandi (2008: 127) nya éta paguneman nu miboga tujuan nu tangtu antara dua pihak, nya éta nu ngawawancara minangka nu nanya sarta nu diwawancara minangka nu ngajawab. Wawancara anu dilakukeun ngagunakeun wawancara bébas jeung wawancara *terpimpin*. Wawancara bébas nya éta wawancara anu patalékanana teu diwatesanan, tapi angger museur kana data nu rék dikumpulkeun. Sedengkeun wawancara *terpimpin* nya éta wawancara anu dilakukeun ku ngagunakeun padoman patalékan anu geus dijieun.

2) Talaah Pustaka

Talaah pustaka mangrupa téhnik anu digunakeun pikeun ngumpulkeun data atawa bahan-bahan anu rék ditalungtik ku cara macaan sarta neuleuman eusi buku anu aya patalina jeung ieu panalungtikan. Talaah pustaka digunakeun salian pikeun néangan data, ogé pikeun nangtukeun dasar-dasar téoritis nu aya patalina jeung subjék panalungtikan anu keur ditalungtik (Isnendes, 1998: 30).

3) Dokuméntasi

Nurutkeun Arikunto (2010: 201), dokuméntasi asal kecap tina dokumén, nu hartina barang-barang tinulis. Dina ngalaksanakeun dokuméntasi, panalungtik nalungtik barang-barang tinulis saperti buku-buku, majalah, catatan pribadi, jrrd. Lian ti éta Arikunto (2010: 172), dina panalungtikan kudu merhatikeun tilu sumber nu bakal nguatan informasi nya éta tulisan (*paper*), tempat (*place*), jeung jalma (*people*). Kitu deui dina nalungtik kajian lisan (sastra lisan) perlu ngagunakeun téhnik dokuméntasi.

Dina ngalaksanakeun panalungtikan puisi mantra di Désa Cengal, Kacamatan Japara, Kabupatén Kuningan, barang-barang anu aya patalina jeung panalungtikan kudu didokuméntasikeun. Barang-barang nu didokuméntasikeun di antarana: tulisan-tulisan puisi mantra ti informan, kasét-kasét rékaman data,

transkripsi data tina rékaman kana tulisan, jeung gambar informan (foto diri informan).

3.4.2 Téhnik Ngolah Data

Léngkah-léngkah ngolah data ngawengku:

- 1) ngatransliterasi data tina lisan kana tulisan;
- 2) klasifikasi/ngelompokkeun puisi mantra dumasar téori Yus Rusyana jeung méré kode mantra dumasar penomeran Isnéndés;
- 3) nangtukeun puisi mantra nu rék dianalisis;
- 4) nganalisis data dumasar unsur struktur pangwangunna anu ngawengku: (1) eusi mantra; (2) basa dina mantra; (3) purwakanti; (4) wangun jeung wirahma; jeung (5) citraan.

3.5 Instrumén Panalungtikan

Instrumén hartina pakakas/alat anu digunakeun pikeun ngumpulkeun data (Siswantoro, 2010: 73). Sedengkeun numutkeun Arikunto (2010: 203), instrumén panalungtikan nya éta pakakas atawa fasilitas anu digunakeun ku panalungtik dina ngumpulkeun data sangkan pagawéanana leuwih babari sarta hasilna leuwih hadé, dina harti leuwih taliti, lengkep, jeung sistematis nepi ka leuwih babari dikokolakeun. Dina ieu panalungtikan instrumén anu digunakeun nya éta padoman wawancara, *camera digital*, *hanphone (recorder)*, alat tulis, buku catatan.

Nu jadi instrumén utama dina ieu panalungtikan nya éta padoman wawancara. Runtuyan patalékan-patalékan wawancara ngeunaan puisi mantra digambarkeun dina tabél 3.4. Daftar patalékan nu kagambar dina tabél ngan saukur gurat badagna, hartina di lapangan mah bisa ditambahan salega-legana. Pikeun nyiptakeun suasana anu leuwih lugina, sabisa-bisa patalékan téh henteu merekpek teuing tapi awor dina obrolan. Ku ayana *recorder*, wawancara bisa leuwih éféktif, saupama sora narasumber masih kénéh jelas jeung sadia pikeun dirékam.

Tabél 3.3
Daftar Patalékan dina Wawancara

Ruang Lingkup Data	
Data Narasumber	Data Mantra
1	2
1.1 Ngaran Narasumber	1.1 Papasingan Mantra
1.2 Jenis Kelamin Narasumber	1.2 Téks Mantra
1.3 Umur Narasumber	1.3 Asal Mantra (ti saha, iraha, jeung naon saratna)
1.4 Status Perkawinan Narasumber	1.4 Fungsi Mantra
1.5 Alamat Narasumber	1.5 Cara makéna (kumaha, iraha, jeung naon saratna)
1.6 Pakasaban Narasumber	
1.7 Atikan Narasumber	
1.8 Kalungguhan	

(dumasar kana Tabél Gunawan, 2004: 33)

3.6 Wangenan Operasional

Définisi operasional nya éta narjamahkeun unggal variabel dumasar kritéria kabutuhan observasi, *keterukuran*, manipulasi, kontrol jeung nguji sababaraha variabel (Suyatna, 2002: 9).

Pikeun nyingkahan kasalahpahaman dina napsirkeun istilah-istilah nu aya dina ieu panalungtikan, perlu pisan didadarkeun maksud tina istilah-istilah nu aya hubunganana kana éta hal. Istilah-istilah nu aya dina ieu panalungtikan nya éta:

1) Analisis struktural

Analisis struktural nya éta fokus analisis kana unsur-unsur nu ngawangun struktur, ngawengku unsur-unsur internal (Siswantoro, 2010: 63). Sedengkeun nurutkeun Pradopo (2010: 279), analisis struktural nya éta analisis puisi kana unsur-unsur jeung fungsina, sarta *penguraian* yén unggal unsur éta miboga ma'na ngan dina kaitanana jeung unsur lianna, kitu ogé dumasar tempat atawa posisina dina struktur.

2) Puisi mantra

“Puisi mantra adalah (1) perkataan atau ucapan yang memiliki kekuatan gaib (msl dapat menyembuhkan, mendatangkan celaka dsb); (2) susunan kata berunsur puisi (spt. rima, irama) yang dianggap mengandung kekuatan gaib,

biasanya diucapkan oleh dukun atau pawang untuk menandingi kekuatan gaib yang lain” (KBBI, 2008: 876).

Sedengkeun numutkeun Iskandarwassid (1992: 80), puisi mantra nya éta warnaning puisi (ugeran) buhun anu eusina jajampéan, parancah, singlar, asihan jeung sajabana ti éta.

3) Bahan pangajaran

Bahan pangajaran nurutkeun Ginting (2010: 152) nya éta rangkuman matéri anu diajarkeun nu dibikeun ka siswa dina wangun bahan cétak atawa dina wangun séjemma anu disimpen dina *file* éléktronik boh vérbal boh tinulis.

4) Aprésiasi puisi

Aprésiasi puisi nya éta méré pangajén kana puisi minangka hasil tina kagiatan niténan, nyangkem, napsirkeun, neuleuman, jeung ngarasakeun éta karya sastra nu dirojong ku kapekaan batin kana ajén-ajén nu nyangkaruk dina éta puisi (Waluyo, 2005: 44).